



## PREPARE W. KONTINYE AK KOUVÈTI ASIRANS LA.

# Renouvèlman Medicaid yo retounen ankò.

### Èske w te konnen?

Ou ka enskri w pou resevwa rapèl nan mesaj tèks ak mizajou konsènan kouvèti asirans Medicaid ou.

### Men kijan w ka fè sa:

- 1 Konekte sou kont ou nan [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) oswa konekte sou aplikasyon mobil HealthyRhode la.
- 2 Klike sou "My Profile" (Pwofil Mwen).
- 3 Anba seksyon "My Contact Information" (Enfòmasyon Pou Kontakte Mwen) tcheke kaz "Sign Up for Text Messages" (Enskri pou Mesaj Tèks).

Lè w klike nan kaz pou tcheke a, wap wè enstriksyon yo parèt pou eksplike w kijan pou konplete pwosesis la ak kijan pou valide telefòn selilè w la pou resevwa mesaj tèks.

Pou plis enfòmasyon, vizite: [staycovered.ri.gov](http://staycovered.ri.gov)

**Bagay ki pi enpòtan an ke ou ka fè KOUNYEYA se mete enfòmasyon pou yo kontakte w ajou defason pou Rhode Island Medicaid ka voye avi ak enfòmasyon ou bezwen pou kenbe airans sante w oswa pou fè tranzisyon asirans sante.**

### Kenbe adrès ou ajou

Mete enfòmasyon kontak pou Medicaid ou ajou tankou adrès postal, nimewo telefòn, ak imèl.

**Anliy oswa Aplikasyon mobil:** Vizite [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) pou gen aksè a kont ou anliy, oswa teledeschaje **aplikasyon mobil HealthyRhode** la sou telefòn entelijan ou pou gen aksè nan kont ou.

**Kontakte Òganizasyon Jesyon Swen asirans sante w la:** Èske w gen yon kat asirans **Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health Plan (RITogether)** oswa **United Health Care Community Plan (UHCCP)**? Rele nimewo ki sou do kat ou a pou ede w mete enfòmasyon kontak ou yo ajou. Pa blyie ba yo pèmisyon pou yo pataje enfòmasyon sa a avèk Eta Rhode Island (RI).

**Nan telefòn:** Rele HealthSource RI nan 1-855-840-4774 (lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye, ant 8am ak 6pm).

